

# OU DWE KONN DWA W: FÈ ATANSYON POU YO PA VÒLÈ TIT PWOPRIYETE W EPI SIVEYE FWOD MODIFIKASYON PRÈ YO

Si ou anreta nan pèman modifikasyon prè w la, fè atansyon ak anakè k ap mande pou w ba yo lajan davans pou yon modifikasyon prè oswa k ap chèche anake w pou yo mete w deyò nan kay ou.

## PWOTEJE TÈT OU!

- **PIGA** w dakò bay avans. Bagay sa yo se bagay ki toujou prèske pa legal. Ou ta dwe peye konpayi ki fè modifikasyon prè yo sèlman apre ou resevwa yon modifikasyon.
- **PIGA** w kwè nan yon konpayi modifikasyon prè ki di ke li bay garanti pou modifikasyon an. Se pa tout tan bank yo oblige modifye ipotèk ou a, men w ap jwenn sèvis gratis e fyab k ap ede w aplike pou yon modifikasyon ki ta ka pèmèt ou diminye nan montan w ap peye chak mwa.
- **PIGA** w suiv konsèy yo ba ou pou sispann peye ipotèk ou oswa ki di w pou peye anreta menmsi ou ajou.
- **PIGA** w peye okenn lòt moun ipotèk ou a si se pa konpayi ki voye deklarasyon prè ipotèk ou yo ba ou a.
- **PIGA** w siyen okenn papye lè yo retounen tit pwopriyete w la ba ou oswa lè yo transfere pwopriyete kay ou a bay yon konpayi ki fè modifikasyon prè.
- **PIGA** w dakò vann okenn pati nan yon kay ou eritye san ou pa chèche jwenn konsèy avan nan men yon avoka ke w konnen e ou fè konfyans.

## W AP JWENN ÈD JIRIDIK GRATIS!

- Chèche jwenn yon konseye nan lojman ke Depatman Lojman ak Developman Iben (Departement of Housing and Urban Development, HUD) apwouve oswa yon òrganizasyon ki bay sèvis jiridik.
- Sèvis Jiridik Vil Nouyòk (Legal Services NYC) asiste pwopriyetè kay yo ak repons, reprezantasyon jiridik ak lòt sèvis pou anpeche yo pèdi kay yo. Sèvis nou yo gratis.



# 917-661-4500

Legal Services NYC | 40 Worth Street, Suite 606, New York | [legalservicesnyc.org](http://legalservicesnyc.org)

\* Enfòmasyon ki nan fich ransèyman sa a pa reprezante yon konsèy jiridik.